Ассаламу гIалайкум!

**ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,**
**БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.**
Инхоса ПалI-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



**№ 25 (6605) 11 июнь 2018 с. Итни Рамазан 1439 с. Багьа 5 гъур.**

БАРКИЯЛ

## Россиялъул къо

**ХIурматиял районцоял!**

**РакI-ракIалъ баркула нужеда Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрам – Россиялъул къо. Жакъасеб Россиялда гьеб ккола эркенлъи, законалъул ва ритIухълъиялъул къучIалда тIолалго халкъазул разилъи, миллияб цолъи, ВатIаналъул жакъасеб къоялъе ва букIинеселъе гIоло гIаммаб жавабчилъи бихьизабулеб шартIияб гIаламатлъун. Нилъ чIухIула нилъер гIемер гIасрабазулаб тарихалдаса, культураялъул ва гIелмуялъул чIахIиял бергьенлъабаздаса, нилъер кIудияб улкаялъул халкъазул цолъиялдаса.**

Жакъа Дагъистанги, гьелда цадахъ Гумбет районги, гIемермиллатазулаб Россиялда цадахъ, унеб буго демократиял хиса-басиязул нухдасан, тIуразарулел руго цереЛъурал экономикиял ва социалиял масъалаби. РакIчIараб буго хадубккунги бакълъулаз Россия тIегьараблъун къуватаблъун лъугьинабиялъулъ, цебетIезабиялъулъ мустахIикъаб бутIа лъезе букIиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, икъбал, Россиялъул бечелъи, ВатIаналъул гуч цIикIкIинабиялъе гьабулеб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

## Баркула гIидалъул къо

**Хириял диналъул вацал ва яцал! Ахиралде щолеб буго баракатаб, жинда жаниб хирияб Къуръан рещтIараб, Лайлатул къадриялъ кIодо гьабураб Рамазан моцI. Гьеб моцI лъугIидал, бусурбабаз кIодо гьабула кIал биччаялъул гIид ва Аллагьасда гьарула хирияб Рамазан моцIалъ ккурал киназулго кIалал, рарал какал, гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабеян. Баркула киназдаго гьеб гIидалъул къо.**

Хириял Ражаб, ШагIбан ва Рамазан моцIаз гьарурал лъикIал гIамалалги киназулго къабул гьареги, гьел хадусел моцIаз цIикIкIинаризе тавпикъги кьеги. БетIергьанас киназулго гIидалъул какалги, рахьарал сахIалги, къураб садакъаги къабул гьабеги. Биччанте кIал биччан къоялъул гIидалъул баракат рещтIине щивасул рокъоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

## Баркула миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда

**Миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда ракI-ракIалъ баркула гьезул профессионалияб байрам - миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазул къо. Гьеб кIодо гьабула 14 июналда.**

Гьарула гьеб жавабияб ва гIадамазе хIажатаб хъулухъалъул Гумбет территориалияб пункталда хIалтIулезе рохел, сахлъи, халатаб ва баракат бугеб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Школалъул дарсаздаса – гIумрудул дарсазде**

-2 гьум.



**«Нусго школа» программаялда гьорлъ – Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслияб школаби**

-2 гьум.



**Ингишдерил хитIабал: лъимги тIабигIияб газги**

-2 гьум.



**Спорталъул суннатаб тайпа цIигьабулеб буго**

-3 гьум.

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# Такъсирчилъиялдаса халкъ цIунулеб къолден

### Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна Россиялъул полициялъ 300 сон тIубай

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъабазул залалда 5 июналда Россиялъул полициялъ 300 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана рохалилаб тадбир. Гьеб юбилеялъулаб байрамалда гIахьаллъана районалъул администрациялъул вакилзаби, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хIалтIухъаби, рухIиял, жамгIиял ва гIолилазул гIуцIабазул вакилзаби, мугIалимзаби, цIалдохъаби. Рохалилаб тадбиралда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере тIугьдул лъеялдаса.**

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан Россиялъул полициялъ 300 сон тIубай гIадлу-низам цIунулезда баркана районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

Баркиялъулал кIалъаял гьаруна ДРялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадовасул ва жиндирго рахьалдасан Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, полициялъул майор ГIамир ГIамировас, полициялъул хIалтIухъабазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ гьесул кумекчи, жанисеб хъулухъалъул подполковник Камалудин



МухIамадсагIидовас, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул ветераназул Советалъул председатель Амага Амагаевас ва цогидазги.

«1718 соналъул 5 июналда Россиялъул император Петр ТIоцевесес чIезабуна Санкт-Петербургалда Генерал-полицмейстерасул хъулухъ. Нилъер улкаялда парахалъи цIуниялъул органал гIуцIараб къолъун гьеб къо рикIкIуна. ГIадлу-низам ва жамгIияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIалтIи жанисел ишазул органаз кидаго ракI бацIцIадго тIубазабулеб буго, цIунулел руго гражданал къватIисеб ва жанисеб хIинкъиялдаса. Баркала нужее тIадаб ишалдехун ритIухълъиялда балагьаралъухъ. Гьарула хIурматиял гьалмагъзаби, нужее хIалтIулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи, талихI-рохел, рекъел»,-ян абуна ГIамир ГIамировас.

ВагIза гьабуна районалъул имам Шамил Назировас. Гьес бицана экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъулъ паралъи цIуниялъул органазул ва рухIиял церехьабазул цадахъаб хIалтIул бугеб кIвaралъул.

ОМВДялъул хIалтIухъабазе районалъул нухмалъулезул ва отделалъул рахьалдасан баркалаялъул кагътал ва цогидалги шапакъатал къуна.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул творческияб къокъаялъ полициялъул хIалтIухъабазда художественияб номерал рихьизаруна. МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз полициялъулазде гьарурал кучIдул рикIкIана.

1999 соналъул августалда гIагараб ракь бандитаздаса цIунизе рахьарал Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъабазул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасул документалияб фильм бихьизабуна.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУЯЛДА ХАДУР – КИТАЯЛДЕ ЩВЕЗЕГIАНГИ

# Школалъул дарсаздаса – гIумрудул дарсазде

### Бакълъулазул мухъалда школа лъугIаразе мажлис-ифтар тIобитIана

**2018 соналъул 5 июналда Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ тIобитIана школазул 9, 11 классазул цIалдохъабазул мажлис-ифтар. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана кIинусгогIан выпускник, районалъул администрациялъул вакилзаби, школазул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул имамзаби ва цогидалги.**

Мажлис-ифтар байбихьана мугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул муфтияталъул дагIваталъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIариф



МухIамадовас Къуръаналъул аятал цIалиялдасан.

НасихIаталъулал, малъахъваялъулал кIалъаял 9 ва 11 классал лъугIаразе гьаруна мугIрузул территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул муфтияталъул вакил Магьди ГIабидовас, Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Къарагишиевас, ДРялъул яхI-намусалъул эркенлъиялъул, диниял гIуцIабазулгун цадахъаб хIалтIул рахъалъ комитеталъул хIалтIухъан ГъазимухIамад МухIумагъазиевас, Гумбет районалъул гIолилазул центральул нухмалъулев, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРОО-ялъул председатель МухIамад Зубайировас, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ГIиса Шарапудиновас ва цогидазги.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул хIалтIухъабаз тарихияб темаялда сценка бихьизабуна, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан Макка Ахкубеговалъ цIалана Инхоса ГIали-хIажиясул «Ахир-заманалде» абураб асар. Нашидал ахIулезул номераз рази гьаруна гIахьаллъарал. Дагъистаналъул халкъияй артистка ГIайшат Тажудиновалъ ГIали-хIажиясул «ХъахIаб рас» абураб назму ахIана.

Дагъистаналъул муфтияталъул ва муниципалиталъул дагIваталъул отделалъул рахъалдасан районалъул нухмалъиялъул вакилзабазе, школазул нухмалъулезе баркалаялъулал кагътал ва цогидалги сайгъатал кьуна гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялда, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде гьабураб цадахъаб къеркьеялда росарал лъикIал хIасилазе гIоло.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# «Нусго школа» программаялда гъорлъ – Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслияб школаби

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна цIалул идарабазе кумек гьабиялъул цIияб къагIида

**4 июналда Бакълъулазул районалда тIобитIана, кIвар бугел суалалги гьоркьорлъун, данделъи. Хасаб кIвар буссинабураблъун букIана лъайкьеялъул рахъ цебетIезабиялъул суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзаби.



Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас.

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул хIалтIухъабазулгун хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ кумекчи, жанисеб хъулухъалъул подполковник Камалудин МухIамадсагIидовас абуна районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугин, Россиялъул полициялъ 300 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабизе хIадурлъулел ругин.

Дагъистан Республикаялда бугеб Федералияб Казначействоялъул Управлениялъул Гумбет районалда бугеб №19 отделалъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас бицана финансовияб хIалтIи тIубаялъулъ раккарал цIиял тIалабазул, киналго ахIана гIарцулал операциял законазда ва нормативазда рекъон тIуразаризе.

Араб анкьалъ 162 чиясе гьабуна МФЦялъул филиалалдасан пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ. Филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ 180 гIарза бачIанин ва хIалтIухъабаз кIвар кьолеб бугин гIадамазул хIажалъаби тIуразариялде.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас бицана сахлъи цIуниялъул идарабазда бугеб ахIвал-хIал. Гьес ракIалде щвезабуна район ва республика тун къватIире риидалил хIухьбахъиялде ритIулел лъималазул медхалгьаби мухIканаб куцалда тIобитIизе хIажат букIин.

«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас тIадчIей гьабуна Хасавюрт-Кьохъ шагьранухда ремонталъулал хIалтIаби унел рукIиналда ва районалъул цогидал нухазе хъулухъ гьабиялъул бугеб хIалалда.

Делопроизводство тIалабазда ва нормативазда рекъон гIуцIизе ккеялъул бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас. Гьединго баян гьабуна Севернияб Кавказалъул гIолилазул «Машук» форумалде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъун, Шамилхъалаялда ДРялъул гIолилазул ишазул рахъалъ министерствалъ тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъанин.

Районалда унеб буго ОГЭ ва ЕГЭ кьей. Республикаялъул «Нусго школа» программаялда гъорлъе рачун руго Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа микьгосонил школал. 2011-2017 соназ школал цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул хIасилазул бицана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад Хъарагишиевас киналго ахIана халкъалъе хъулухъ гьабиялъул даража борхизабиялъе гIоло жеги лъикI хIалтIизе.

**«Гумбет» РИО**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Гражданазул суалал болжалалда тIуразе ккола

### Хъулухъал лъикIаб даражаялда гьариялъул суал борхана Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалда

**ЦIикIкIун гражданал ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалде къваригIел тIубаян рачIунеб хIал гIуцIиялъул ва гьезие хъулухъ гьабиялъул качество борхизабиялъул суал гьоркьоб лъуна «Дир документал» филиалалъул хIалтIулаб совещаниялда.**

«ГIемер гIадамал рачIин, гьезул мурадал тIураялъул качество борхизаби ва къокъаб болжалалда къваригIел тIубай ккола МФЦялъул «Дир документал» филиалалъул хIалтIулъ аслияблъун»,-ян абуна гьеб идараялъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Данделъиялда гьоркьор лъуна пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал тIуралаго дандчIвалел квалквалазул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал. Бицана социалиял гьиназда, халкъияб информациялъул алатазда хъвадариялъул, дандчIваял, данделъаби гIуцIиялъул хIалтIул кIудияб кIвар букIиналъул.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго, загьир гьаруна филиалалъул хIалтIи лъикI гIуцIиялъе ва жиндир заманалда халкъалъул хIажалъаби тIураялде ралагьарал нухал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Ингишдерил хитIабал: лъимги тIабигIияб газги

### Бакълъул районалъул нухмалъиялъул ва республикаялъул парламенталъул вакилзабаз халгьабуна Ингишо росу цебетIезабиялъул масъалабазул

**Бакълъулазул районалъул Ингишо росулъ тIобитIана районалъул нухмалъиялъул ва Дагъистаналъул парламенталъул вакилзаби гIахьаллъун, гьеб росу цебетIезабиялъул суал борхараб данделъи.**



ХIалтIулаб сапаралъ Ингишоре щвана Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев ва ДРялъул халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев. Ингишо гьоркьохъеб школалда тIобитIана мугIалимзабазулгун ва Ингишо росдал гIадамазулгун районалъул нухмалъиялъул ва республикаялъул парламенталъул вакилзабазул дандчIвай.

Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиевас бицана мугIалимзабазул хьулазул, гьезие къваригIаралъул, рорхана коммуналияб гIарцуда ва цойги хIажатал масъалабазда хурхарал суалал.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаев, гьесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатасул кумекчи ГIалихан Бегаев, Ингишо росдал бетIер Камалудин Бибулатов ва цогидалги.

«Бакълъулазул районалъул нухмалъулез хIадур гьарулел руго щибаб росу цебетIеялъул комплексниял программаби. КIвар бугеб ишлъун ккола гьел проектал гIумруялде рахъинари. Районалде ва поселениязде инвестициял рачIинаризе ккола, гьелъ росабазе цебетIей щвеялъе кввербакъизе буго. Божула пачалихъиял органазул ва жамгIиял къуватазул цадахъаб хIалтIуца росаби церетIезе рукIиналда. хIадурал руго бакълъулазул яшав лъикIлъиялъе гIоло нижеда барабщинаб гьабизе»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас. Ингишо росдал гIадамаз кIиго аслияб суал цебе лъуна: росулъ жанисан газалъул мухъал рачине ва лъим бахъизе кумек гьаби.

МухIамад Хъарагишиевас ва НурмухIамад ГIалиевас рагIи кьуна ингишдерие гьел масъалаби тIураялъе кумек гьабизе.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# Спорталъул суннатаб тайпа цIигьабулеб буго

### Гъоркь Инхо росулъ тIобитIана чIорбутIалъ речIчIиялъул турнир

**Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ тIоритIана чIорбутIалъ речIчIиялъул районалъул турнир ва Рамазан моцIалъул хIурматалда ифтар. ГIахьаллъана 120-ялдаса цIикIкIун чи.**

Гьел тадбиразда гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев, мадугьалихъ ругел росабазул бегавулзаби, имамзаби.

Жиндирго кIалъаялда МухIамад Хъарагишиевас абуна районалъул бетIерас кIудияб кIвар кьолеб бугин гIолилазул политикаялде, гьезул рахъ кквеялде.

«Гумбет районалъул нухмалъиялъул хIаракатчилъиялъулъ, кIвар буссинабураб суаллъун ккола гIолилазулгун хIалтIи. Муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, районалъул власталъ гьабулеб буго гIолохъанаб гIелалъул махщел камиллъиялъе, гьезие лъай щвезабиялъе, хIалтIудалъун хьезариялъе, шартIал чIезариялъе бажарараб хIалтIи. Нижеца гьединго тIалаб-агъаз гьабула студентазул. Щибаб анкьалъ МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда, гIолилазе зал районалъул администрациялъ ижараялъеги ккун, торгIо хIаялъул къецал тIоритIула. Гьединго зал кьола ДИРОялъги. Районалъул нухмалъулезул хIаракаталдалъун МахIачхъалаялда меценатаз гIолилаз ухъе кьун буго жидерго хIаракатчилъи цебетIезабиялде балагьараб хIалтIи гIуцIизе офисалъулаб рукъ. Гьенир дандрала гIолилазул политикаялъул, гьаризесел тадбиразул планал. Районалда цебетIолеб буго чIорбутIалъ речIчIиялъул спорталъул тайпа. Нижеца кидаго рахъ кквезе буго спорталъул гьеб ва цогидал тайпабазул, гIолеб гIелалъе рухIиябгун ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялъе, гьезул сахлъи бугеб гIумру букIиналъе гIоло гьабулеб хIалтIул», -ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.



Турнир бачана Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев, «Гумбет районалъул гIолилазул центр» ДРООялъул председатель МухIамад Зубайировас. КIалъаялда гьес бихьизабуна, районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас гIолилазул рахъ кколеб, гьезул хIаракатчилъиялъул къимат гьабулеб, проектазе, байбихьиязе шапакъатал кьолел ругин.

Киналго кIалъазе рахъараз бицана Бакълъулазул районалъул гIолилазул вацлъиялъулал гъоркьорлъабазул, цолъиялъул.

Тадбир цадахъ тIобитIана Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъги Гъоркь Инхо росдал гIолилазги. Турниралда гIахьаллъана районалдаса 75 чIорбутI речIчIулев. Гьенире рачIун рукIана Казбек районалъул ЦIияб ГIаркьухъ росдал гIолилазул командаги.

Бергьенлъи босаразе кьуна дипломал, медалал, гIарцулал сайгъатал Гумбеталъул гIолилазул централъул рахъалдасан. Спонсорлъиялъулаб кумек гьабуна Килалъа ХIамзат Шариповас.

Къецазда тIоцебесеб бакI ГIаркьухъа А. ГIамиргIалиевас, кIиабилеб бакI Килалъа М. ГIумарасхIабовас, лъабабилеб бакI Килалъа М. ИсубхIажиевас ккуна.

Гъоркь Инхо росдал гIолилаз турниралда гIахьаллъаразе кIалккул моцIалъул хIурматалда квен кьейги гIуцIана (Ифтар).

**«Гумбет РИО»**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

## Оплатить коммунальные услуги теперь можно с помощью почтальона

**С начала этого года у дагестанских почтальонов появилась возможность приема на дому любых платежей через мобильные платежно-кассовые терминалы (МПКТ). Новый сервис, предоставляемый Почтой России, призван приблизить предоставление универсальных услуг населению.**

Дагестанский филиал Почты России получил 300 МПКТ, которые распределены среди отделений почтовой связи всей республики.

Мобильный платежно-кассовый терминал состоит из смартфона и контрольно-кассовой машины для печати фискальных чеков. Платежи принимаются с помощью специально разработанного мобильного приложения Почты России, позволяющего выбрать необходимый вид услуги. С помощью МПКТ можно оплатить услуги ЖКХ и сотовой связи, а также налоги, госпошлины, штрафы ГИБДД, оформить страховку и оплатить кредит.

Работают мобильные терминалы только в онлайн-режиме, поэтому для их функционирования необходим бесперебойный Интернет. Оплата по мобильному терминалу ничем не отличается от такой же процедуры в отделениях почты или филиалах банков. За использование новой услуги берется комиссия: 5 рублей за одну квитанцию. Клиенту после оплаты сразу выдается кассовый чек, а вся информация в онлайн-режиме поступает на адрес поставщиков и предприятий, которые принимают кассовые платежи.

Через каждый мобильный терминал почтальоны республики, как ожидается, ежемесячно будут принимать около 300 платежей. Новая услуга позволит разгрузить почтовые отделения, и одновременно сделает оплату услуг более удобной как маломобильным категориям населения, так и занятым людям.

Сами же клиенты почты пока, привыкают к технической новинке. У одних использование современного устройства вызывает определенную настороженность - ведь оплачивать услуги оператору в отделении связи было привычнее. Но зато многие другие жители региона искренне рады тому, что теперь не нужно ожидать своей очереди в отделении, чтобы оплатить коммунальные услуги.

«Почтальон принес мне пособие, и я сразу оплатил 500 рублей за свет, не выходя из дома. Очень удобно!» - поделился своими эмоциями по этому поводу Магомед Алиев, пенсионер из Махачкалы.

Почта России в будущем планирует оснастить всех своих почтальонов мобильными устройствами для оказания сервисов населению.

**М. Исмаилов,
начальник
Шамилькалинского
почтамта**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР!

## 36 баллалдаса гъоркье ккезе бегьуларо

### Бакълъулазул районалда кьуна гIурус мацIалъул ЕГЭ

**6 июналда муниципалитеталъул школазул 11 классалъул 67 цIалдохъанас кьуна гIурус мацIалъул цогояб пачалихъияб экзамен.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул хIалтIухъан, экзаменал кьеялъул жавабияв Сурхай Сурхаевас бицана цогояб пачалихъияб экзамен кьолаго гIадлу хвезабиялъул хIужа ккечIин, гIурус мацIалъул ЕГЭялъул хIасил 25 июналда лъалин, гьелъул баллал 36-ялдаса гъоркье ккезе бегьуларин.

14 июналда обществознаниялъул экзамен кьезе бугел ине руго Болъихъ районалъул АнсалтIа росулъ бугеб ЕГЭ кьолеб пунктalде.

**Макка МухIамадова**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Проводится военным комиссариатом отбор на военную службу по контракту.**

**Кто имеет право поступить на военную служб) по контракту:**

-гражданин имеющий высшее образование не прошедший срочную военную службу;

-гражданин имеющий среднее специальное (профессиональное) образование не прошедший срочную военную службу;

-гражданин пребывающий в запасе.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов тел.(8-279)-2-13-02

**А. Магомедов,
военный комиссар
Казбековского и
Гумбетовского районов**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

### Профилактические мероприятия «Трактор» и «Мототранспорт»

**В целях недопущения дорожно-транспортных происшествий с тяжкими последствиями с участием водителей мототранспортных средств и сельскохозяйственной техники на территории района проводятся профилактические мероприятия «Трактор» и «Мототранспорт» с 28 мая по 15 июня 2018 года.**

В период проведения мероприятий осуществляется контроль за соблюдением водителями сельскохозяйственной техники и мототранспорта правил дорожного движения. Запрещено передвижение гусеничных тракторов, экскаваторов по федеральным автомобильным дорогам. Запрещено движение тракторов и другой сельскохозяйственной техники в вечернее и ночное время суток, их оставление на обочинах автомобильных дорог.

**А.К. Амиров,
и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,
майор внутренней службы**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

### Филиал федерального бюджетного учреждения здравоохранения «Центр гигиены и эпидемиологии в Республике Дагестан в Ботлихском районе»

Будут проведены тематическая «горячая линия» и консультации по вопросам общественного питания в общеобразовательных и дошкольных учреждениях с 18.05.2018 г. - 25.06.2018 г. учреждениях ТО Управления Роспотребнадзора и ФФБУЗ «ЦГ и Э в РД в Ботлихском районе» по адресу с. Ботлих Ботлихский район ул. Центральная 15.

Мероприятия по организации «горячей линии» проводятся для внесения родителями и населением предложений и пожеланий по качеству и безопасности детского организованного питания. Предложения можно отправить по следующим адресам:

to-botlih@yandex.ru или по номеру телефона: 8 (903) 499-62-44 – главный врач ФФБУЗ «ЦГ и Э» в РД в Ботлихском районе» Джамалдинова Х.М.

**Х. М. Джамалдинова,
главный врач
ФФБУЗ «ЦГ и Э» в РД
в Ботлихском районе»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Игалинский”»

**от 20 марта 2018 г. № 3 Решение с. Игали**

### «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Игалинский”» за 2017 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Игалинский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюд-жета МО «Сельсовет “Игалинский”» за 2017 год Собрание депутатов:

Решает:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Игалинский”» Гумбетовского района за 2017 год:

- по доходам в сумме 6281,0 тыс. рублей согласно приложении № 1 к настояще-му решению;
- по расходам в сумме 6353,9 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению (источником финансирования дефицита бюджета 2017 года является остаток бюджетных средств 01.01.2017 г. -93,1 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-альному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**Г. Н. Магомедов**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» от 20 марта 2018 г. № 3**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» за 2017 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | **План на 2017 год** | **Фактически исполнено за 2017год** | **% исполнения** |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 90,0 | 70,9 | 78,8 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 149,0 | 160,4 | 107,7 |
| Единый сельскохоз. налог | 18210503010011000110 | | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 235,0 | 170,0 | 72,3 |
| Пеня на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 30,0 | 28,7 | 95,7 |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **504,0** | **430,0** | **85,3** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **5810,0** | **5723,0** | **98,5** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **4239,0** | **4151,0** | **97,9** |
| **Субсидии в. т. числе** | | **1572,0** | **1572,0** | **100,0** |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | 1000,0 | 1000,0 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | 238,0 | 238,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за декабрь 2016 г. | | 334 | 334,0 | 100,0 |
| **Субвенции** | | **128,0** | **128,0** | **100,0** |
| **ЗАГС** | **в том числе** | **14,0** | **14,0** | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 114,0 | 114,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **6314,0** | **6281,0** | **99,5** |

**Приложение № 2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» от 20 марта 2018 г. № 3**

| **Наименование** | **адм.** | **Рз** | **ПР** | **ЦСР** | **Лимит бюджетных обязательств на 2017год** | **Кассовые выплаты за 2017 год** | **% выполнения** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **6586,0** | **6353,9** | **96,5** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **2460,0** | **2361,4** | **96,0** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2460,0 | 2361,4 | 96,0 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **114,0** | **114,0** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 114,0 | 114,0 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **1000,0** | **999,2** | 99,9 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 1000,0 | 999,2 | 99,9 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | **001** | **05** | **00** | | **1232,0** | **1171,9** | **95,1** |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 1232,0 | 1171,9 | 95,1 |
| **Культура и кинематография** | **001** | **08** | **00** | | **1512,0** | **1512,0** | **100,0** |
| Культурно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 1512,0 | 1512,0 | 100,0 |
| **Социальная политика** | **001** | **10** | **00** | | **148,0** | **145,4** | 98,2 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 148,0 | 145,4 | 98,2 |
| **Физкультура и спорт** | **001** | **11** | **02** | **9900090100** | **70,0** | | **0,0** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **50,0** | **50,0** | **100,0** |

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.